Pou Piblikasyon Imedya: 27/06/2019 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PRÈ KI GEN TO ENTERÈ BA POU TI BIZNIS YO DISPONIB POU REZIDAN AK BIZNIS BROOKLYN YO KI TE VIKTIM GWO ENSANDI SIS ALAM NAN MWA DAVRIL LA

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Administrasyon Ti Biznis Etazini an (U.S. Small Business Administration, SBA) te akòde demann li te fè pou Deklarasyon Katastwòf Fizik (Physical Disaster Declaration) pou Konte Kings lan apre yon ensandi sis alam te fèt nan Brooklyn ki te lakoz 54 kay ak 18 biznis/òganizasyon san bi likratif andomaje ak dega ki vo 6.9 milyon dola ototal. Avèk deklarasyon yo akòde a, moun, fanmi, biznis ak òganizasyon san bi likratif sa yo ki te afekte yo ap elijib kounye a pou prè ki gen enterè ba nan men Administrasyon Ti Biznis lan pou ede yo rekipere yo.

"Ensandi sis alam sa a te lakoz fanmi yo demenaje ak destabilize biznis yo nan katye Brooklyn sa a, men pwosesis rekiperasyon an ap vanse vè lavan", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Prè enterè ba sa yo pral ede rezidan Brooklyn ke ensandi devastatè sa a te afekte yo fè reparasyon epi resevwa asistans yo bezwen pou yo retabli epi rekonstwi kay yo ak biznis yo."

Prè Administrasyon Ti Biznis lan yo ap ofri èd pou mèt kay, lokatè, biznis ak lòt moun ki bezwen sipò finansye apre katastwòf dijans oswa lòt katastwòf ki gen rapò ak move tan yo. Apre ensandi a, pèsonèl ki soti nan SBA a, nan Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Dijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York la, ak Vil New York te reyalize yon evalyasyon konplè dega ki lye ak ensidan sa a. Evalyasyon sa a te konfime ke te gen gwo dega nan 32 kay ki rive 1,095,000 dola ototal, ansanm ak ti dega piti nan 22 kay ak 18 biznis/òganizasyon san bi likratif ki rive 660,000 dola ak 5,220,000 dola ototal respktivman.

Gwoup ki annapre yo ka elijib pou èd nan prè SBA yo:

- Mèt kay yo: jiska 200,000 dola pou repare oubyen ranplase pwopriyete yo ki andomaje oubyen kraze.
- Mèt kay ak lokatè yo: jiska 40,000 dola pou repare oubyen ranplase byen pèsonèl yo ki andomaje oubyen kraze.
- Pwopriyetè biznis yo: jiska 2 milyon dola pou ranplase pwopriyete, envantè, machin, ekipman ak lòt pèt fizik.
- Biznis ak òganizasyon san bi likratif yo: Prè pou Katastwòf Dega Ekonomik jiska 2 milyon dola pou bay fon woulman ki nesesè jiskaske operasyon nòmal yo rekòmanse apre yon katastwòf.

Komisè Depatman Sekirite Enteryè ak Sèvis Dijans Eta New York la, Patrick A. Murphy te deklare, "Lè katastwòf frape, doulè a pa jis fini lè ijans imedya a fini. Anpil

fwa, konsekans finansye yon katastwòf ka kite enpak ki ka dire pi lontan. Gras a patenarya ak travay di ajans toupatou atravè eta, gouvènman federal ak lokal yo ap fè la, sila ensandi tèrib sa te afekte yo pral gen resous yo bezwen pou yo rekipere."

To enterè yo ka tèlman ba rive 2.063 pousan pou pwopriyetè kay ak lokatè yo, 2.75 pousan pou òganizasyon san bi likratif yo ak 4 pousan pou biznis yo, sou yon dire 30 tan. Se SBA ki defini montan ak kondisyon prè yo ki baze sou sitiyasyon finansye chak aplikan.

Moun endividyèl ak biznis yo ka aplike sou entènèt atravè Aplikasyon pou Prè Elektwonik sou sitwèb sekirize SBA a nan https://disasterloan.sba.gov/ela.

Moun endividyèl ak biznis yo ka jwenn enfòmasyon ak aplikasyon pou prè yo tou lè yo rele nan Sant Sèvis Kliyantèl SBA a nan 1-800-659-2955 oswa 1-800-877-8339 pou moun soud ak sila ki tande di yo, ouben yo ka voye imèl nan adrès disastercustomerservice@sba.gov. Ou ka telechaje aplikasyon pou prè yo tou nan www.sba.gov/disaster. Yo dwe remèt aplikasyon ranpli yo bay Sant lan oswa voye yo pa lapòs nan: U.S. Small Business Administration, Processing and Disbursement Center, 14925 Kingsport Road, Fort Worth, TX 76155.

Delè pou ranpli epi remèt aplikasyon pou domaj fizik nan pwopriyete yo ap vendredi 23 août 2019. Delè pou remèt aplikasyon pou domaj ekonomik yo ap 24 Mas 2020.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU